

# Mwen bezwen èd nan zafè imigrasyon.

## Kiyès ki ka ede mwen?



**Mwen bezwen  
konnen ak ki fòm  
imigrasyon pou  
mwen sèvi.**

Ale nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov) – se sit entènèt Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte. Sou men gòch ekran an, ou ap jwenn yon bwat “Find it Fast.” Klike sou lis ki gen tout bagay yo pou ou ka jwenn fòm ke ou bezwen an.

Si ou toujou pa si ki fòm ou bezwen, ou ka bezwen èd nan men yon avoka imigrasyon oubyen on lòt moun ki gen otorizasyon pou li ede ou. Gade anba paj sa-a pou kèk pwent sou kiyès ki ka ede ou ak kijan pou jwenn yo.

**Mwen bezwen fòm  
imigrasyon yo.**

Ou ka fè sa ou menm. Tout fòm ou bezwen yo gratis. Ou gen dwa:

- Enprime yo de [www.uscis.gov/forms](http://www.uscis.gov/forms)
- Komande yo pa telefon : 1-800-870-3676
- oubyen ale nan biwo lokal USCIS (imigrasyon) ou an

Pa janm peye pou kopi fòm vièj gouvènman yo. Yo toujou gratis, menmsi ou ka gen pou peye lè ou depoze pyès yo nan USCIS.

**Mwen bezwen èd  
pou mwen ranpli  
fòm imigrasyon  
mwen yo.**

Nenpòt ki moun ka ede ou make enfòmasyon nan fòm imigrasyon ou yo. Sa ki enpòtan sèke moun sa-a – yon zanmi, pastè ou, yon pwofesè, yon fanmi – ta dwe ekri oubyen tradui sa ou di li yo sèlman. Moun ki ap ede ou an, pa kapab ba ou konsèy nan sa pou di. Sa ka lakòz pwoblèm pou ou pi devan. Si ou bezwen konsèy, asire ke ou pran li nan men moun ke gouvènman ameriken otorize ede ou.

Yon tradiktè ka mande ou on ti kòb pou tradui enfòmasyon ou yo. Sonje pa janm peye pou fòm yo.

**Kiyès ki ka ede  
mwen ranpli fòm  
mwen yo?**

Yon avoka oubyen yon reprezantan otorize ki sòti nan lis ke Komite pou Apèl nan zafè Imigrasyon (BIA) kenbe an, ka ede ou. Pran èd nan men yon moun ki pa kalifye pou bay konsèy legal – tankou yon notè – kapab pi grav ke si ou pat jwenn okenn èd. Gen de fwa, menm konsèy nan men yon zanmi ki de bòn fwa gen dwa kreye pwoblèm nan estati imigrasyon ou an. Si ou bezwen konsèy oubyen èd, pran li nan men yon moun ke gouvènman ameriken bay otorizasyon ede ou. Gade anba paj sa-a pou kèk pwent sou kiyès ki ka ede ou ak kijan pou jwenn yo.

**Mwen bezwen  
konnen si USCIS  
(imigrasyon) gen  
fòm mwen yo.**

USCIS (imigrasyon) ap ba ou yon resi lè ou lonje pyès ou yo. Kenbe li! Sa ap pwouve ke USCIS resewva aplikasyon oubyen petisyon ou an. Ou ap bezwen resi an pou tcheke estati aplikasyon ou an.

Ou ka tcheke estati aplikasyon ou an nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov), oubyen rele Sant Sèvis Nasyonal pou Konsomatè nan: 1-800-375-5283.

**Mwen bezwen yon  
moun pou pale ak  
USCIS pou mwen.  
USCIS rele sa  
“reprezante” mwen.**

Ou ka pale pou tèt ou. Ou ka pa bezwen yon moun pou reprezante ou. Li pa obligatwa. Si ou vle yon moun reprezante ou, ou bezwen yon moun ke USCIS otorize reprezante ou. Avoka ak reprezantan otorize se sèl moun ki kapab mande ou kòb pou ede ou. Gade anba paj sa-a pou kèk pwent sou kiyès ki ka ede ou ak kijan pou jwenn yo.

**Mwen resewva yon  
“avi pou mwen  
prezante” ki fè  
pati de pwoesisis  
depòtasyion yo.**

Yon avoka ak yon reprezantan otorize ka ede ou. Gade anba paj sa-a pou kèk pwent sou kiyès ki ka ede ou ak kijan pou jwenn yo.

**Mwen gen lè pran  
nan magouy.  
Kijan pou mwen  
fè konnen estati  
imigrasyon mwen?**

Tcheke ak USCIS.

Ou ka tcheke estati ou sou entènèt nan [www.uscis.gov](http://www.uscis.gov). Mete nimewo resi ou an nan bwat “Case Status” ki sou men gòch paj entènèt la.

Si ou pa gen nimewo resi ou la, pran yon randevou ak biwo lokal USCIS. Gen de jan ou ka fè sa:

- Ale nan [www.infopass.uscis.gov](http://www.infopass.uscis.gov)
- Rele Sent Sèvis Nasyonal pou Konsomatè nan: 1-800-375-5283

**Mwen vle rapòte yon  
magouy nan zafè  
imigrasyon.**

Magouy nan zafè imigrasyon ilegal. Si yon moun ou konnen te wè yap fè yon magouy nan zafè imigrasyon oubyen li te viktim, li enpòtan pou rapòte li bay Komisyón Echanj Federal (FTC) oubyen biwo komisè govènman nan eta kote ou rete an. Ale nan [ftc.gov/complaint](http://ftc.gov/complaint) (oubyen rele 1-877-382-4357) oubyen kliké sou kat ki nan: [naag.org](http://naag.org) pou jwenn kijan pou antre an kontak ak komisè govènman nan eta kote ou rete an. FTC pa rezoud plent endividiyèl. Olyede sa, FTC anrejistre tout plent yo nan yon bank enfòmasyon ki ansekirite sou entènèt lan ke lapolis dan lemonn, ansanm ak plizyè fonksyonè federal, leta, ak fonksyonè lokal ki la pou repere tandans sa yo epi monte ka, sèvi.

Plis enfòmasyon ou ka bay, se plis rapò ou an ap ede moun ki pwal mennen ankèt la. Anketè yo genyen ou rekonesans pou otan de enfòmasyon ke ou santi ou alèz pou bay.

# Men ki moun ki ka ede ou, epi kijan pou jwenn yo?

Pran èd nan men yon moun ki pa kalifye pou bay konsèy legal – tankou yon notè – kapab pi grav ke si ou pat jwenn okenn èd. Gen de fwa, menm konsèy nan men yon zanmi ki de bònfwā gen dwa kreye pwoblèm nan estati imigrasyon ou an. Si ou bezwen konsèy oubyen èd, pran li nan men yon moun ke gouvènman ameriken bay otorizasyon ede ou:

## Avoka yo

Avoka yo ka ba ou konsèy epi reprezante ou. Avoka yo oblige manmb “bawo” – asosyasyon pwofesyonèl nan eta yo rete an. Asosyasyon leta-a ka pini, sispann oubyen menm revoke yon avoka ki vyole règleman yo. Asire ou ke avoka ke ou chwazi an gen bon rapò ak asosyasyon bawo an. Sa vle di ke yo pa nan pwobleme paske yo vyole règleman pou avoka yo. Ou ka jwenn avoka nan sit entènèt gouvènmantal ak non gouvènmantal.

### Pou jwenn on avoka imigrasyon gratis oubyen ki mande on ti kraze:

- Ale nan lis depatman lajistis ameriken (*US Department of Justice*) eta pa eta.  
[www.justice.gov/eoir/probono/states.htm](http://www.justice.gov/eoir/probono/states.htm)
- Rele USCIS (imigrasyon) nan 1-800-375-5283 pou ou mande pou yon avoka nan zòn ou an.
- Ale nan lis bawo ameriken (*American Bar Association*) eta pa eta.  
<http://apps.americanbar.org/legalservices/findlegalhelp/home.cfm>

### Pou jwenn avoka nan zòn ou ki travay pou imigrasyon:

- Ale nan lis asosyasyon avoka imigrasyon ameriken (*American Immigration Lawyers Association*). Avoka sa yo ka fè ou peye pou yo ka ede ou. [www.ailalawyer.com](http://www.ailalawyer.com)

### Pou konnen si yon moun se yon avoka, epi pou konnen si yon avoka nan pwobleme paske li vyole règleman yo:

- Ale nan asosyasyon bawo leta (*State Bar Association*). Klike sou eta kote ou ap viv lan pou jwenn nimewo telefòn ou ka rele pou pran enfòmasyon sou on avoka patikilye. [www.statebarassociations.org](http://www.statebarassociations.org)
- Ale nan depatman lajistis ameriken (*US Department of Justice*) pou lis avoka ki pa ka pratike dwa.  
[www.justice.gov/eoir/discipline.htm](http://www.justice.gov/eoir/discipline.htm)

## Reprezantan otorize

Reprezantan otorize pa avoka, men gouvènman ba yo dwa pou yo bay konsèy legal nan zafè imigrasyon. Yo ka reprezante ou tou. Fòk reprezantan sa yo travay ak yon òganizasyon gouvènman ameriken rekonnèt ofisyèlman. Ke se reprezantan otorize oswa òganizasyon yo rekonnèt, sou yon lis Komite pou Apèl nan zafè Imigrasyon (BIA) kenbe nan depatman lajistis.

### Pou jwenn yon reprezantan otorize:

- Ale nan lis reprezantan otorize eta pa eta ansanm ak òganizasyon kote yo travay yo ke yo rekonnèt yo. Se sèlman yon moun ki ka reprezante ou, pa yon òganizasyon. Gade nan lis sa-a pou chèche non yon moun ki tou pre ou. Moun ki sou lis se reprezantan otorize tank yo kontinye travay pou òganizasyon ki sou lis la. Yo ka mande ou pou peye pou yo ede ou. [www.justice.gov/eoir/ra/raroster.htm](http://www.justice.gov/eoir/ra/raroster.htm)

## Lòt Ede

Gen lòt moun ke gouvènman an bay dwa ede ou, yo pa dwe mande ou kòb. Etidyan ekòl de dwa gen dwa ba ou konsèy legal, si yo anba sipèvizyon yon avoka oubyen yon reprezantan otorize. Gen kèk moun ou ka konnen andedan kominote ou an ke USCIS (imigrasyon) rekonnèt kòm “moun ki gen bon repitasyon,” moun sa yo ka reprezante ou, men yo pa ka chaje ou – epi se pou yo siyen on dokiman legal ki di ke yo pa’p pran kòb nan men ou.

Tradiksyon an se yon koutwazi imigrasyon (USCIS)

Aprann kijan pou evite magouy kont imigran yo nan:  
(nan lang angle)

[ftc.gov/immigration](https://www.ftc.gov/immigration)

---

Aprenda cómo evitar las estafas contra inmigrantes en:

[ftc.gov/inmigracion](https://www.ftc.gov/inmigracion)



Komisyon Echanj Federal  
ftc.gov